



Landscape Safety: Workplace Exposures

Ekspozisyon ak danje ki genyen nan antretyen gazon nan espas travay yo

Operasyon antretyen gazon yo nan espas travay yo gen plizyè danje potansyèl ki ka lakòz blesi grav. Konsiltan pèt FFVA Mutual yo ka ede ou evalye ekspozisyon yo epi bay rekòmandasyon ki apwopriye sou kontwòl pèt yo, pou ou kapab minimize aksidan nan espas travay la.

Ekspozisyon ak danje ki genyen nan antretyen gazon nan espas travay yo

- Blese ak tansyon nan do
- Koupe ak gwo koupe
- Ekspozisyon a pwodwi chimik, èbisid, ak ensektisid yo
- Ekspozisyon ak bri
- Ekipman gazon ki sèvi ak gaz
- Zouti elektrik
- Glise, bite ak tonbe

Devlope yon Pwogram Kontwòl Pèt

Pou nou kapab emplante pwogram sekirite a nan espas travay la ak siksè, biwo jesyon yo dwe gen volonte pou yo diminye ak elimine risk blesi nan espas travay la. Dwe gen yon angajman a 100% nan men biwo jesyon an pou yo kapab favorize yon anviwònman travay efikas e ki san aksidan.

Konsèy pou ou kapab itilize yon Tondez pou gazon

- Evite kondwi pa bak, si sa posib
- Retire moso ak lòt debri ki nan tondez la apre chak itilizasyon
- Netwaye zòn ki gen moso bagay, debri, wòch oswa lòt obstak anvan chak itilizasyon
- Dekonekte tondez la ak transmision an anvan ou kòmanse
- Lè ou fèk ap ouvri l, mete lam nan nan pi ba nivo yo epi, lage fren an tou dousman
- Asire ou ke kolekchè zèb la, pwoteksyon evakiyasyon an, ak lòt aparèy sekirite yo nan bon eta
- Ranpli tank gaz la nan yon espas ki ouvè pou ou evite rale vapè
- Enspekte ekipman yo anvan chak itilizasyon
- Koupe nan yon direksyon ki dwat epi evite bagay tankou pye bwa ak touf
- Pa janm pote pasaje sou tondez la
- Pa janm mete men ou oswa pye ou tou pre lam wotasyon ki anba machin nan
- Li manyèl enstriksyon an epi resevwa bon fòmasyon anvan ou sèvi ak machin nan
- Ralanti pandan wap vire
- Demare tondez la lè ou sou chèz chofè a, men pa pandan ou kanpe akote machin nan
- Etenn tondez la ak degaje lam yo lè ou fini
- Mete pantalon long ki sere, pwoteksyon zye, pwoteksyon zòrèy, bòt ki pa glise, ak gan pou pwoteje ou kont debri ki ap vole yo
- Lè motè a etenn, ajiste wotè a disk pou koupe a

Landscape Safety: Workplace Exposures

Ekspozisyon ak danje ki genyen nan antretyen gazon nan espas travay yo

Paj 2 sou 6

Konsèy Sekirite pou tondez ke ou dwe pouse

- Pa estat yon tondez pou pouse pandan ke do ou koube (Sa ka lakòz doulè nan do ak blesi.)
- Asire ou ke gwo plak pwotèj yo an plas anvan ou estat machin nan
- Enspekte limyè avètisman ak siy ki ka endike domaj nan ekipman an
- Aprann ki jan pou ou etenn machin nan byen vit epi san danje sizoka ta gen yon ijans
- Asire w ke priz fòs la (PTO), transmision tondez la, kouwa yo, ak chenn ak angrenaj yo byen pwoteje
- Pa janm kite yon tondez kouri poukонт li
- Mete yon anblèm ki endike Ralanti pou machin (SMV) sou do machin nan si ou ap travay sou yon wout piblik
- Pran anpil prekosyon nan viraj yo
- Pouse tondez la nan yon direksyon an avan sèlman
- Revize manyèl pou pwopriyetè an anvan ou estat machin nan
- Mete tondez la sou nivo koupe pi wo a lè ou ap sèvi ak li sou tèren ki graj
- Kanpe tondez la si ou frape yon bagay, enspekte lam la ak fè sèvis nan machin nan, si sa nesesè

Konsèy Sekirite pou Ekipman pou Traktè ak tondez an wotasyon yo

- Mete Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl ki apwopriye (PPE) jan yo rekòmande li
- Lè ou ap kanpe pou ranmase debri yo, koupe gaz la pou li ka poze ak pou li pa mache poukонт li

Konsèy Sekirite pou Ekipman pou taye lizyè yo

- Li manyèl enstriksyon an ak / oswa resevwa bon jan fòmasyon anvan ou sèvi ak machin nan
- Enspekte ekipman yo anvan ou itilize yo. Remake byen ke sekirite yo nan bon lòd epi yo pa domaje
- Tcheke pou vis oswa boulon ki lach. Ranplase nenpòt pati ki kraze oswa domaje
- Egwize lam yo, si sa nesesè
- Retire nan espas la wòch, debri, fatra, ak mande anplwaye parèy ou yo pou yo deplase
- Mete pantalon long, chemiz manch long , pwoteksyon pou je (linèt oswa linèt sekirite), pwoteksyon pou zòrèy (bouchon zòrèy), gan ki pa glise, ak bòt
- Penyen yon chou sere si cheve w long epi retire tout bijou pandye ki ta ka kwoke nan ekipman an
- Pote zouti a nan kote ou vle a, yon fason pou ke manch lan devan ak lam pou koupe a dèyè ou
- Pa retire okenn nan ekipman sekirite oswa zouti pandan itilizasyon an
- Kenbe zouti a ak tou de manch yo byen sere
- Pozisyone kò ou lwen lafimen motè yo pou ou evite respire vye gaz la
- Le w ap itilize modèl elektrik, kenbe kòd la lwen lam yo pou evite koupe l

Konsèy Sekirite pou Ekipman pou vantile fèy bwa

- Planifye travay la anvan ou sèvi ak yon vantilatè fèy bwa
- Pa sèvi ak machin nan tou pre lòt moun paske gen risk pou li voye bagay ki danjere sou yo
- Kouri machin nan nan yon pozisyon ki dwat
- Mete yon mask pousyè si pousyè ak debri yo se yon nwuizans pou ou
- Mete pwoteksyon zye pou pwoteje vizyon ou kont bagay ki danjere ak pwoteksyon pou zòrèy pou pwoteje tandé ou kont gwo bri
- Mete pwoteksyon zòrèy yo pandan wap sèvi ak vantilatè presyon pòtatif ak sou fòm sakado
- Fè atansyon lè wap sèvi ak machin nan ou yon sifas ki an pant

Landscape Safety: Workplace Exposures

Ekspozisyon ak danje ki genyen nan antretyen gazon nan espas travay yo

Paj 3 sou 6

Konsèy Sekirite pou Ekipman pou Transpò Ekipman

- Pa chaje ak dechaje ekipman yo poukout ou
- Toujou travay avèk yon lòt anplwaye pou ede ou
- Tache machin nan sou trelè yo anvan ou kontinye
- Asire ou ke trelè a byen tache ak machin pou remoke a, ke limyè ak siyal yo fonksyone, e ke chenn sekirite yo an plas, ak kawotchou yo byen gonfle ak nan bon kondisyon

Konsèy Sekirite pou Antretyen Mekanik

- Pa sèvi ak gazolin pou degrese oswa netwaye pati motè otomobil yo
- Pa sèvi ak men oswa pwen ou kòm mato
- Pa mete rad ki lach oswa bijou nan magazen antretyen an
- Lave men ou avèk savon ak dlo apre ou fin travay nan boutik antretyen an
- Mete pwoteksyon pou je, soulye ki fèmen oswa lòt Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) lè w ap travay nan zòn antretyen yo

Konsèy sekirite pou boutik antretyen / mentnans

- Netwaye vè ki kase avèk yon bale pousyè. Pa ramnase vè ki kase yo ak men ou
- Netwaye epi depoze zouti yo nan kote ki apwopriye yo apre chak itilizasyon
- Plase oswa retire tapi pa plat atè an
- Sèvi avèk yon bale pou pousyè pou ou bale alantou ekipman an tankou tou yo ak ekipman sable yo
- Sèvi ak siy prekosyon / kòn pou ou barikade zòn ki glise yo tankou planche ki mouye oswa ki fèk sot pase mòp

Konsèy Sekirite pou Zouti Men

- Pa fè reparasyon konsa konsa nan nenpòt zouti
- Pa sèvi ak yon zouti si manch lan gen ekla, fann, oswa ki fisire, oswa si tèt zouti a lach
- Pa sèvi ak zouti enpak tankou mato, mas, pwenson, ki gen fòm chanpion
- Si linèt sekirite ou vin bwouye, sispann travay la epi netwaye linèt yo jiskaske lantiy yo klè ak san bwouya

Konsèy Sekirite pou machin atelye yo

- Pa retire, chanje, oswa kontoune nenpòt pwoteksyon oswa dispozitif sekirite aparèy la lè wap lè ou ap sèvi ak yon machin atelye
- Pa eseye retire yon moso pandan ke li ap pase nan machin nan. Si machin nan vin bloke, dekonekte li anvan netwaye l
- Li epi obeyi avètisman sekirite ki afiche sou oswa tou pre nenpòt pèsèz, si, oswa lòt machin atelye.
- Remete pwoteksyon yo anvan ou estat machin nan apre ou fin fè ajisteman oswa reparasyon an

Konsèy Sekirite pou melez pou ban

- Ajiste pwotèj lang lan pou li pa plis pase 1/8 pouz mèl la ak l / pouz pou bwòs la
- Pa sèvi ak melez la si tout pwoteksyon yo pa an plas
- Pa eseye sispann wou an ak men ou, menm si ou mete gan
- Pa sèvi ak wou ki gen ti fann, fant oswa genyen kraze
- Pa sèvi ak volan melez la si li tranble epi make li kòm yon aparèy ki "Pa an Sèvis"
- Mete pwoteksyon zye lè wap sèvi ak yon melez ban

Landscape Safety: Workplace Exposures

Ekspozisyon ak danje ki genyen nan antretyen gazon nan espas travay yo

Paj 4 sou 6

Konsèy Sekirite pou Zouti nematik yo

- Dekonekte zouti konduit lè yo anvan ou fè ajisteman oswa reparasyon nan zouti a
- Pa lonje tiyo lè konprese a sou moun kap pase yo oswa itilize li pou netwaye rad ou
- Pa sèvi ak konpresè a si pwoteksyon yo manke. Ranplase senti sekirite yo anvan ou itilize yo
- Pa sèvi ak zouti si manch yo kraze oswa fisire
- Mete yon mak "Pa an Sèvis" sou zouti ki domaje yo pou anpeche lòt moun itilize yo
- Fèmen zouti a epi kite li etenn nèt anvan ou kite li poukонт li

Konsèy Sekirite pou lè ou ap travay sou wout la

- Izole zòn travay la ak kòn trafik lè w ap travay sou bò wout la oswa nan mitan wout la, elatriye.
- Mete jilè ki klere lè w ap travay sou bò wout la

Konsèy sekirite pou zouti elektrik yo

- Pa pote ekipman oswa zouti ki ploge ak dwèt ou sou entèriptè a
- Pa pote zouti oswa ekipman nan kòd elektrik yo
- Pa konekte plizyè zouti elektrik nan yon sèl priz
- Pa kondwi , trennen, depoze bagay sou kòd yo
- Pa manyen oswa itilize zouti elektrik lè men ou mouye oswa lè ou kanpe sou yon sifas ki mouye
- Pa itilize zouti elektrik oswa aparèy pòtab pandan ke ou kenbe yon pati nan bwat la ki an metal oswa kenbe kòd ekstansyon an nan men ou. Kenbe tout zouti elektrik pòtab yo nan manch plastik oswa lòt zòn ki pa kondui kouran.
- Pa sèvi ak zouti ki pwovoke etensèl tankou melez, pèsez, oswa si bò kote likid ki ka pran dife oswa gaz
- Pa pase kòd ekstansyon yo anba pòt, twou nan plafon, mi yo, oswa planche yo
- Pa sèvi ak yon adaptè ki atè si bwòch la retire oswa kase
- Pa sèvi ak kòd ki dekale, ki fann oswa fini
- Pa sèvi ak kòd ekstansyon oswa lòt chita twa kòd elektrik ki kase
- Fèmen zouti elektrik yo epi dekonekte sous kouran an nan priz la anvan ou eseye repare oswa fè sèvis sou li, epi make ke zouti a "ap fè Sèvis"
- Fèmen zouti a anvan ou branche oswa debranche li

Konsèy sekirite pou silenn gaz konprese (Depo ak fason pou ou manyenyo)

- Pa sèvi ak okenn silenn oksijèn si gan ou yo gra oswa gen lwil
- Sere tout silenn nan yon pozisyon ki dwat epi fikse yo nan yon estrikti pèmanan ak yon chèn pou anpeche yo tonbe
- Mete bouchon pwoteksyon valv yo sou silenn gaz ki estoke yo oswa ke ou pa itilize yo
- Pa leve boutèy yo nan bouchon pwoteksyon wobinè a
- Pa estoke silenn gaz ki konprese yon kote yo ka ekspoze a pwodwi chimik ki make "Korozivite"
- Kanpe sou bò regilatè a lè wap louvri valv la
- Si yon silenn ap koule alantou valv la, deplase li nan yon zòn ki lwen kote travay la ap fèt la epi make sou li ke li pa fonksyone
- Separe Silenn oksijèn ak silenn gaz an yon distan 20 pye oswa yon baryè 5 pye segondè ki gen yon rezistans ak dife pou 5 èdtan

Landscape Safety: Workplace Exposures

Ekspozisyon ak danje ki genyen nan antretyen gazon nan espas travay yo

Paj 5 sou 6

Konsèy sekirite pou lè ou ap soude

- Obeyi tout siy ki afiche nan zòn kote ou ap soude a
- Pa kite vye rad ki gen lwil, papye, oswa lòt materyèl ki ka pran dife nan espas kote ou ap soude a
- Pa mete lantiy kontak pandan wap soude
- Lè w ap soude, mete yon kas pou soude ak yon plak ak lantiy, gan pou soude, yon chemiz manch long, pantalon long, ak yon tabliye.

Soudaj ak oksid kabòn

- Pa retire kle valv ki nan silenn asetilèn la pandan ke silenn lan ap sèvi
- Sèvi ak kawotchou wouj la pou gaz epi ak kawotchou vèt la pou oksijèn
- Pa sèvi ak kawotchou ki chire oswa fann
- Pa sèvi ak lwil, grès oswa lòt grès machin sou regilate a
- Prije tiyo yo anvan ou fikse chalimo yo
- Limen flanbo ak yon brikè friksyon yo sèlman. Pa sèvi ak yon brikè sigarèt.
- Prije konduit oksijèn ak gaz yo apre chak travay
- Louvri tiyo silenn gaz konprese yo. Louvri yo nèt lè w ap itilize yo pou elimine nenpòt fwit
- Netwaye tiyo oksijèn, regilate, ak konduit yo anvan ou itilize yo

Materyèl ki danjere yo

- Swiv enstriksyon ki sou etikèt la ak nan Fèy Done Sekirite ki koresponn (SDS) ak chak pwodui chimik ke ou ap itilize nan espas travay la
- Pa sèvi ak rad pwoteksyon oswa ekipman ki gen kouti ki chire, twou zepeng, oswa ki gen lòt siy vizib ke yo andomaje
- Chak fwa ou fin itilize gan yo, lave yo
- Toujou lave men ou apre ou fin retire gan yo
- Pa sèvi ak pwodwi chimik ki soti nan resipyan ki pa gen etikèt oswa silenn ki pa make
- Toujou itilize pwodui chimik ak gwo linèt ki pwoteje figi ou anvan ou manyen pwodwi chimik ki make "koroziv" oswa "korozif", ak lè yo ka vole- tankou lè ou ap transfere likid soti nan yon vesò pou ou mete yo nanyon lòt
- Pa estoke resipyan chimik ki make "oksidant" ak resipyan ki make "koroziv", "mòdan" oswa "ki ka pran dife"
- Pa fimen pandan wap manyen pwodwi chimik ki make "ki ka pran dife"
- Pa janm ravitaye yon motè ki cho
- Mete gan ki enpèmeyab lè wap ravitaye ekipman yo

Depoze, transpòte, ak jete pestisid yo

- Sere pwodui chimik ak gaz yo jan Fèy Done Sekirite (SDS) a mande sa
- Sere pwodwi chimik yo lwen Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) ou yo, espesyalman respiratè a
- Kenbe pwodwi chimik ki enkonpatib yo lwen youn ak lòt
- Fè atansyon ak kèk pwodwi chimik gen Solvan ladan yo ki ka echape nan lè a ak gaye vapè ki danjere sof si resipyan yo byen sele
- Sere pwodwi chimik yo nan resipyan orijinal ke yo fabrike yo ak etikèt orijinal yo. Si pwodui chimik yo transfere nan yon lòt resipyan, asire ou ke nouvo resipyan an byen make
- Pa sèvi oswa estoke pwodwi chimik tou pre manje, dlo oswa pwodwi chimik ki enkonpatib
- Sere pwodwi chimik yo nan bon vesò nan machin nan anvan ou deplase yo, pou yo pa tonbe oswa kraze
- Kenbe yon dosye detaye de pwodwi chimik ke ou te transpòte yo
- Itilize Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl ki apwopriye (PPE) lè wap manyen sibstans danjere yo
- Li Fèy Done Sekirite a (SDS) ak etikèt fabrikan an anvan ou estoke, manyen, aplike, epi jete pwodwi chimik yo

Landscape Safety: Workplace Exposures

Ekspozisyon ak danje ki genyen nan antretyen gazon nan espas travay yo

Paj 6 sou 6

Kontak ak ensèk, rat ak bêt kay

- Evite bêt ki nan nich oswa twou
- Kontwole kote yo jete manje ak fatra yo nan zòn travay la pou evite atire vèmin yo
- Pa soti nan machin ou si gen chen ki sanble mechan. Kontakte mèt kay la, si sa posib epi retounen, si sa nesesé
- Pa ranmase oswa deranje yon arenye
- Pa manyen rat, menm si yo sanble mouri
- Pa mete koloy oswa pafen, ki ka atire bêt yo
- Si ou fè alèji ak ensèk, kenbe medikaman ou avèk ou toutan. Alète kòlèg travay ou si ou gen alèji pou yo ka ede ou si ou ta gen yon ijans
- Mete yon chapo, chosèt, chemiz manch long, pantalon long, ak bòt segondè pou kouvri po ou
- Pa janm ranmase, deranje oswa souke yon koulèv - deplase byen vit
- Prepare a lavans si sa posib, kontakte mèt kay la anvan pou ou mande yo mare bêt yo anvan ouvini
- Rantre pye pantalon yo nan bòt yo epi evite ekspoze kou, ponyèt, ak je pye ou
- Mete repèlan ki apwopriye pou ensèk yo

Sekirite pou Veyikil yo

- Toujou obsève limit vitès ak siy avètisman ki afiche yo
- Toujou mete yon senti sekirite lè wap deplase nan machin
- Enspekte machin ak trelè yo nan kòmansman jounen travay la
- Kenbe yon vitès machin ki pa rapid nan move tan
- Pa janm pèmèt pasaje yo monte sou trelè yo
- Pa janm modifye ekipman, machin yo san oupa verifye premye konfòmite li avèk manifakti orijinal la ak ajans regilasyon, tankou Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay yo (OSHA)
- Rapòte domaj yo epi asire w ke reparasyon yo fèt anvan ou sèvi ak machin nan